

4

bagay ou dwe konnen sou asirans sante

1. Diferan plan asirans sante ka ofri benefis diferan, epi gen kèk ki ka limite ki doktè, lopital, oswa lòt founisè ou ka itilize.
2. Ou ka oblije peye yon frè dediktib chak ane anvan plan asirans ou kòmanse peye pou swen ou. Pa egzanp, ann di dediktib ou se \$200. Ou gen yon vizit nan sal dijans ki koute \$1,250. Ou peye premye \$200 pou kouvri dediktib la. Ou bezwen peye pati pa ou tou pou sèvis ki kouvri yo.
3. Ou ka oblije peye ko-asirans oswa yon kopeman lè ou resevwa swen medikal, tankou yon vizit lakay doktè, yon vizit lopital kòm pasyan ekstèn, oswa yon preskripsyon. Ko-asirans anjeneral se yon pousantaj (pa egzanp, 20% nan pri total la). Yon kopeman se nòmalman yon montan lajan fiks (pa egzanp, \$10 oswa \$20 pou yon preskripsyon oswa yon vizit lakay doktè).
4. Plan asirans sante yo fè kontra ak rezo lopital, doktè, famasi, ak founisè swen sante yo. Sa depann de kalite plan ou genyen an, plan ou a ka sèlman peye pou swen ou lè ou resevwa li nan men yon founisè ki nan rezo plan an, oswa ou ka oblije peye yon pi gwo pati nan depans lan pou yon sèvis swen sante ki kouvri si ou resevwa swen deyò rezo plan an.

Health Insurance Marketplace

Ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon ou nan yon fòm aksèsib, tankou gwo enprime, braille, oswa odyo. Ou gen dwa tou pou depoze yon plent si ou santi ou te diskrimine kont.

Vizite [CMS.gov/About-CMS/Web-Policies-Important-Links/Accessibility-Nondiscrimination-Disabilities-Notice](https://www.cms.gov/About-CMS/Web-Policies-Important-Links/Accessibility-Nondiscrimination-Disabilities-Notice) oswa rele 1-800-318-2596. Itilizatè TTY yo ka rele 1-855-889-4325.



HealthCare.gov

CMS Product No. 11631-HC (Haitian-Creole) • September 2025

Pwodwi sa a te pwodwi nan depans kontribyab Ameriken. Health Insurance Marketplace® se yon mak sèvis ki anrejistre nan peyi Etazini. Depatman Sante ak Sèvis Imen.



Valè Asirans Sante

Asirans sante ede peye depans lè ou bezwen swen

Pèsonn pa planifye pou malad oswa blese, men pifò moun bezwen swen medikal nan yon moman. Asirans sante ede peye pou depans sa yo epi li pwoteje ou kont depans ki trè wo.

Kisa asirans sante ye?

Asirans sante se yon kontra ant ou menm ak yon konpayi asirans. Ou enskri nan yon plan, epi konpayi an dakò pou peye yon pati nan depans medikal ou lè ou malad oswa blese.

Gen lòt benefis enpòtan asirans sante genyen. Plan ki disponib nan Health Insurance Marketplace® (ak pifò lòt plan) bay swen prevantif gratis, tankou vaksen ak vizit medikal. Yo kouvri tou kèk depans pou medikaman sou preskripsyon.

Asirans sante ede ou peye pou swen

Lè w gen asirans sante, sa ka ede pwoteje ou kont depans medikal ki wo epi ki sanzatann.

Chak plan asirans gen yon rezime avantaj ak kouvèti ki montre ki kalite swen, tretman, ak sèvis li kouvri. Sa enkli konbyen plan an ap peye lè ou resevwa sèvis yo.

Sa ou peye pou asirans sante

Ou pral nòmalman peye yon prim chak mwa pou kouvèti sante, epi ou ka bezwen peye yon dediktib chak ane tou. Yon dediktib se kantite lajan ou peye pou sèvis ki kouvri yo anvan plan asirans sante ou kòmanse peye. Dediktib la ka pa aplike pou tout sèvis yo.

Konbyen ou peye pou prim ak dediktib ou depann de kalite kouvèti ou genyen.

Li enpòtan tou pou konnen konbyen ou dwe peye lè ou resevwa sèvis yo.

Egzanp yo enkli:

- Depans ou peye sòti nan pòch ou (ko-asirans oswa kopeman) pou sèvis apre ou fin peye dediktib la
- Montan total ou pral oblije peye si ou malad oswa blese (maksimòm depans sòti nan pòch)

Plan ki gen prim ki pi ba a ka pa kouvri anpil tretman ak sèvis.

Si ou fèk pèdi kouvèti sante, ou ka kapab jwenn kouvèti kalite atravè Marketplace la.

Vizite **HealthCare.gov/get-coverage**

pou w konnen si w kalifye pou jwenn kouvèti kounye a.

Eksplòre mache Marketplace la

Pou aprann plis sou pwoteksyon Marketplace la oswa benefis ou ak pwoteksyon ou yo, vizite **HealthCare.gov** oswa rele Sant Apèl Marketplace la nan 1-800-318-2596. Itilizatè TTY yo ka rele 1-855-889-4325.